

Teyo  
ak  
Ti-Da

dekouvri yon paj listwa



— Nou raz !

Pawòl sa a soti nan fon kè Ti Da. Teyo, kouzen Ti Da, dakò nèt ak pawòl la. Li di :

— Se vre wi matant Jezila, nou pa kapab ankò ! Tanpri, kite nou fè yon ti soti. Sa fè 2 semenn depi lekòl la fèmen, epi nou pa fè wonn pòt.

Jezila leve tèt li anwò laye pwa l ap kale a. Li souri epi li di :

— Se pa vre ! Se lekòl la nou gen tan sonje konsa ? Eske nou vle fè plis paj ekriti ?

— Se zanmi lekòl yo nou sonje wi, se pa devwa yo non ! Matant, nou pa wè moun ankò, depi nou pa ka ale jwe boul ak marèl nan katye a.

— Mwen konprann nou timoun. Sityasyon an difisil pou tout moun. Lè gen peyi lòk, sa vle di tout bagay fèmen, tout kote bloke. E lè sa a, li pa bon pou pran lari a. Menm gen barikad nan ri lekòl nou an.

— Mwen konnen manman, ou esplike nou sa 100 fwa deja. « Manifeste, revandike, se yon dwa. Men gen de lè se kraze brize, e lè sa a, se gwo DANJE ». Ti Da di sa ak dwèt li lonje sou Teyo, sou yon ton ki montre l ap chare Jezila. Manman, si nou pa soti, n ap anrasinen anndan kay la !



- Matant jezila, mwen fè yon lide.
- Jezila fè « An an ». Li tou sisplèk Teyo. Li konnen jan ti gason an gen imajinasyon.
- Nou te ka ale lakay madan Mari. Li rete tou pre a, epi kay li a pa twò sou lari...
- Jezila reponn : Kay la pa bò lari ? Li pa nan yon chimen kabrit nonplis !
- Matant, se yon enpas, wout la pa soti, li pa gen sikilasyon machin. Epi se pa nan zòn sa a ki gen barikad. Matant, se ou menm k ap di depi yè lari a frèt.
- Jezila refè « An an ».
- Ti Da kouri di : Tanpri manman, nou pwomèt ou n ap pran prekosyon.
- Se vre. Tout bagay rantre nan lòd depi yè. Nou mèt ale, selman fòk nou retounen nan 2 èd tan. Epitou, mwen gen nimewo madan Mari, m ap ka rele nou.
- Mèsi manman ! Mèsi matant !

Ploplop, ti moun yo kouri soti nan lari a, anvan Jezila chanje lide.



Men kou yo rive deyò a, lari a blanch e sa fè yo yon ti jan pè. Teyo ak Ti Da kenbe men epi y ap mache vit. Lè lari pa gen bri ak moun k ap monte desann, katye a pentad. Sa enkyetan.

Erèzman yo kwaze nan wout ak kèk moun yo konnen , sa ki ba yo fòs. Boutik madan Pòl la louvri. Li souri ba yo epi li fè yo yon ti siy. Chany ki rele Jowèl la chita nan menm plas la bò lari a.

— Li pa sanble gen travay pou li fè, pa gen moun ki pral pyès kote ! Se sa Ti Da di Teyo nan zorèy.

Ti Da ak Teyo wè Lizèt ki chita devan yon panye legim, ak men nan machwè.Teyo ap mande tèt li konbyen barikad li te bije janbe, depi Kenskòf, pou li sa vin vann kèk legim.

Timoun yo wè Tonyo ki gen sou li jilè konpayi telefòn nan. Li chita sou yon ti bout mi. Menm lè gen peyi lòk, moun bezwen achte minit pou telefòn yo.

Ti Da ak Teyo rive nan ti enpas kote madan Mari rete a. Se yon ti granmoun tout katye a konnen.



Teyo di : O O ! Gade moun sou galeri madan Mari a ! Ti Da, nou pa abitye wè sa.

Ti Da ak Teyo pa janm wè tout kantite moun sa yo lakay madan Mari. Moun yo ap pale ak kè kontan. Madan Mari ap sèvi yo ji chadèk nan bèl vè li yo. Ki kalite evènman sa a yo pa menm te okouran ?

Timoun yo kontrarye, sitèlman yo blyie di mesyedam yo bonjou.

- De men I sou kote I, Ti Da mande : Se fèt ou Madam Mari ?
- Teyo ajoute : Ou fè yon fèt ou pa envite nou ! Ou konnen ak koze peyi lòk la, nou raz lakay la.

Lè yo tande sa, tout mesyedam yo pete ri.

- Yon madanm ki gen tèt li mare di : Timoun, anvan tout bagay nou dwe di bonjou. Ebyen Mari, alèkile se ak ti jèn ou fè zanmi !

Timoun yo kouri di mesyedam yo bonjou.

- Yon misye ak gwo moustach reponn : Mari pa janm chanje, li toujou rete zanmi ak tout moun nan katye a. Li leve, li souke tèt li, epi li rантre andedan kay la.



— Madan Mari di: Zanmi mwen yo, men Teyofil ak Damila. Yo abitye vini lè apremidi pou fè lekti pou mwen, pou rete avèk mwen. Ti Da ak Teyo, men Fransin ak Ti Chal, 2 jèn nan katye a. Misye ki rantre anndan kay la, se Ajenò.

Jèn menm ! Teyo ak Ti Da sezi tande sa.

Pou Teyo ak Ti Da, pa gen youn nan mesyedam yo ki sanble jèn, ak bann tèt blanch yo a. Tout moun tonbe ri.

— Madan Mari esplike : Fransin ak Ti Chal gen kèk lane anmwens mwen. Lè nou te piti, ou te ka wè diferans laj ki gen antre nou. Alèkile, sa pa parèt twòp.

Pawòl sa a fè timoun yo louvri je yo byen gran.

— Se depi nou piti youn konn lòt ?

— Fransin reponn : Wi, mwen konn Mari depi lè li vin isit la pou viv ak matant li. Nou te mètrès katye a.

— Ti Chal di : Timoun, zanmi danfans sou katye, se pou toutan. Nou viv anpil bagay ansanm.



- Ti Da pouse yon soupi epi li di : Mwen sèten nou pa t janm viv yon peyi lòk.
- Teyo ajoute : Sa rèd. Akòz peyi lòk la, lekòl fèmen, nou pa ka al pwomennen ni jwe deyò. Gen pwoblèm pou jwenn tout bagay, epi nou pa fin konnen kisa sa ap itil. Mwen tande moun ap di demokrasi pa pote anyen ki bon pou nou, lavi a te miyò anvan !
- Ti Chal mande : Kouman sa anvan an ?
- Ti Da reponn etan I ap fè yon gran jès ak men li : Moun yo di anvan « sou Duvalier (Divalye), sa te pi bon ».
- Ki sa ?

Ti Chal leve voulp sou chèz la, kòmsi pinèz te mòde li. Je li tankou zèklè, li pa sanble ankò ak yon ti lepè ki dou. Timoun yo rale yon bak. Madan Mari leve men li anlè pou sa kalme Ti Chal.


- Ti Chal, w ap fè yo pè. Se timoun, yo repete sa yo tandé.
- Padon timoun yo, mwen pa t vle fè nou pè. Mwen an kòlè kont moun ki vle defòme listwa.
- Madan Mari di : Vini non timoun yo.

Teyo ak Ti-Da pa briding. Yo pa sèten yo vle rete la a ankò.



- Madan Mari mande timoun yo : Nou pa ta renmen fè konesans ak frè mwen, Ajenò ?
  1. O ! Ajenò se frè madan Mari ! Kòm Ti Da ak Teyo bezwen konnen plis koze, yo pran vè ji Fransin ofri yo a, epi yo swiv madan Mari andedan kay la.
- Si gen yon moun ki ka pale de Duvalier (Divalye), se Ajenò. Epòk sa a make nou tout anpil, men mwen menm, mwen te pi piti.
- Ti Da mande madan Mari: Misye Ajenò pi gran pase ou?
- Wi, mwen se ti sè li.
- Kote li ?
- Mwen konnen ki kote li ye. Se bò kote liv yo pou nou chache li. Li renmen li.
- Teyo vire je gade kouzin li epi li di : Menm jan ak nou Ti Da.

Timoun yo swiv madan Mari nan pyès yo konnen pi byen nan kay la. Pyès mèvèy la, sila ki chaje ak liv la. Yo jwenn Ajenò chita nan yon kwen bò fenèt la, l ap pase paj yon liv.



— Madan Mari di : Aje ! Rakonte timoun yo kouman sa te ye sou Duvalier (Divalye).

— Ay... Divalye ... "Ajenò gwo moustach" pouse yon soupi. Li bese je li yon ti moman, kòmsi li t ap fouye byen lwen nan memwa li. Li sanble chagren. Li gade Teyo ak Ti Da epi li di yo :

Ebyen timoun mwen yo, vin chita, mwen pral rakonte nou istwa pa mwen. Imagine lè m te jèn, san gwo moustach la. Zanmi mwen yo te rele Mina, Anisya, Ti Remon ak Janjan.

— Nan epòk sa a katye a te yon lòt jan. Sèlman te genyen kèk gress kay an bwa epi gwo teren vid ak pye bwa sou yo. Vye kay nou an te byen bèl, byen blan, ak pòt ak fenèt pentire an vèt. Enpas la, se yon ti riyèl an tè. Pa gen mi nan lantouray kay yo, gen kloti sèlman kèk kote. Sa pa anpeche nou sikile ! Li fasil pou janbe baryè pou ale monte pye bwa, keyi mango ak kenèp, oswa pou ale tire zwezo ak fistibal.

Nan epòk sa a tifi te dwe rete nan kay. Men Mina ak Anisya te rebèl ! Yo te monte pyebwa menm jan ak nou ! Nou te enseparab, tankou 5 dwèt nan yon men.



Nan apremidi, nou jwe boul oswa nou etidye lesон nou. Nan ekip foutbòl nou an, se Janjan ki defansè. Li sitèlman rapid, okenn boul pa ka pase sou li.

Nou te plis enterese jwe foutbòl pase etidye, men omwen se te yon fason pou nou rete ansam.

Ajenò fè yon ti kanpe sou pale a. Li pouse yon lòt soupi.

— Souvni sa a rete tache nan memwa mwen. Jouk kounye a, mwen rayi matematik. Ti Chal di se akòz bagay ki te pase jou sa a

— Ebyen vwala. Nou lakay mwen, n ap fè yon devwa matematik. Janjan fò anpil. Li esplike sitèlman byen, tout bagay parèt senp. Ploplop nou jwenn solisyon pwoblèm yo. Sa fè nou separe ak kè kontan. Nou pa imajine se dènye fwa n ap wè Janjan. Jou aswè sa a, li disparèt.

Ajenò pa fè okenn jès ankò, li te lwen... Madan Mari pran pale.

Nan demen yo ale lakay Janjan, men pa t gen pèsonn. Tout fanmi li te disparèt! Nan jou annapre yo, lè yo soti lekòl, yo fè yon pase devan lakay li. Yo ret chita tann. Yo pa janm rewè Janjan.



– Teyo made : Ki sa ki rive zanmi w la misye Ajenò ? Disparèt, sa vle di mourir ?

Li rale dodin li an, epi li ale chita tou pre frè li. Pandan yo chita kòt a kòt, Teyo konstate jan yo sanble anpil... an wetan moustach la !

Madan Mari reponn :

– Li te ka mourir oubyen nan prizon. Nan epòk diktati a, prezidan peyi a ak zanmi li yo te gen tout pouvwa. Yo touye moun, gen lòt yo mete nan prizon epi yo blyie yo. Depi nou te tande "yo pran yo", nou te konnen moun sa yo ta pral disparèt. Tout lè m te piti, kè m te sote chak fwa mwen tande mo "pran" an.

– Ajenò ajoute : Timoun yo, jouk jodi a mwen pa konn ekzakteman sa ki rive zanmi mwen Janjan.

– Ti Da di byen fò : Sa a se yon enjistis ! Poukisa ? Se te yon timoun !

– Madan Mari esplike : Diktatè a te panse manman ak papa Janjan te kont li. Depi l santi yon moun menase pouvwa l, li fè disparèt tout fanmi l.



- Ti Da mande : Eske nou pa t mande paran nou sa ki te pase ? Li pa ka imajine li pa gen dwa poze kesyon. Manman li, Jezila, toujou di li se konsa moun aprann.
- Ajenò di : Nan kòmansman wi. Paran mwen te reponn Janjan pati, men mwen pa t kwè yo. Depi mwen te pale de Janjan, mwen te wè tristès ak laperèz nan je yo. Sa fè mwen sispann poze yo kesyon. Sa ki fè lapenn, se pa konnen sa ki pase. Se oblige fè kòmsi tout bagay ap mache byen. Se fè kòmsi ou pa plede ap sonje zanmi ou.
- Madan Mari esplike : Granmoun yo pa t ka di nou tout sa ki t ap pase, yo te vle pwoteje nou. Nou te twouve yo dwòl, men nou pa t konprann poukisa.
- Pou sa wi ! Se yon epòk kote granmoun yo te dwòl anpil ! Se sa yon gwo vwa di nan do Ti Da ak Teyo.



Vwa Ti Chal fè timoun yo pantan.

Ajenò, misye gwo moustach, avèk gwo vwa dous li an, kapte atansyon timoun yo ki pa sispann fikse li. Yo vale pawòl li yo tankou si yo t ap bwè siwo. Lòt moun vin rantre nan pyès la. San fè bri, yo rale chèz, chita pou koute istwa sa a.


Teyo ak Ti Da reyalize pyès kay la chaje moun. Gen Fransin, k ap gade yo epi souri ba yo. Timoun yo sezi wè Jezila chita akote li. Li te vin chèche yo, men li pa t vle entewonp asistans la.

Li fè yo yon ti jès ak men li, li pa fache paske yo la toujou. Jowèl, misye chany la, ki te pase wè si te gen soulye pou netwaye, la tou. Li apiye arebò fenèt la ak yon vè ji nan men l, li pa sanble prese pou ale.



Ti Chal chita sou yon ti chèz ba devan pòt la. L ap rakonte ak dwe li lonje anlè.

- Mwen tou piti e men mwen wè granmoun yo yon jan dwòl ! Y ap pale tou ba epi depi yo tande m ap vini, yo pe bouch yo, oubyen yo pale an daki. Grann mwen mande «Se jodi a?» Gran papa m reponn « An an !». Yo fè m siy pou mwen deplase. Sèl lè mwen ka rete, se lè nou kache anba kabann pou koute radyo. Lè m vin pi gran, mwen konprann gouvènman an t ap siveye tout moun. Tout bagay te sou kontwòl chèf yo. Li te entèdi pou fè sa n ap fè la a.
- Ti Da sezi, li mande : Kisa nou fè ki mal ?
- Madan Mari esplike : Nan epòk sa a, si nou te reyini konsa, yo te gendwa akize nou, di se konplo n ap fè sou prezidan an epi yo disparèt nou. Se pou sa anpil òganizasyon sosyal ki t ap ede moun, tankou òganizayon fanm, te sispann fonksyon.
- Fransin ajoute : Gen radyo yo te entèdi, se anba kabann moun te kache pou koute yo. Epi lè sa a te gen kouvrefe , ki vle di yon lè pou moun pa nan lari. Granmoun yo te tenyen anpoul yo pou pa atire atansyon sou kay la. Men yo te kontinye ap pale tou ba ak yon ti balenn limen. Depi yo tande yon ti bri, yo kouri etenn bouji a.



- Ajenò kontinye rakonte : Se nan epòk sa a mwen ak zanmi m yo nou fè konesans ak Ti Chal. Yon jou, nou wè yon ti gason tou zo k ap soti nan kay kay Janjan an. Se te Ti Chal.
- Ti Chal di : Mwen sonje mwen te di tèt mwen, « eske mwen menm tou mwen ka disparèt yon jou konsa sanzatann ? ». Tanzantan, mwen te ale an kachèt kay kouzen m Janjan, nan lespwa mwen va jwenn yon moun.
- Ajenò reprann lapawòl : Lè nou wè Ti Chal, nou te nève. O ! ki moun ki pa pè vini kay zanmi nou an ? Nou mande l « Kisa w ap fè la a ? » Ti Chal pa t pè nou. Li rele sou nou tou pou reponn : « Se kay kouzen m ! M ap veye li ! ». Sa vin fè nou sonje Janjan te konn pale de yon ti kouzen piti li, ki te vle mache dèyè li tout kote li prale. Kòm Janjan pa la ankò, nou deside n ap okipe Ti Chal. Nou menm mete li nan ekip foutbòl la, menmsi lè li te pi piti pase nou.



— Woy ! Ou bliye di se mwen ki te konn drible pi byen nan katye a !

Lamenm, Ti Chal leve. Li fè kòmsi li te gen yon boul nan pye li, epi l ap drible lòt jouwè. Tout moun pete ri.

— Madan Mari bouche je li ak men li, epi li bay yon pinga : Ti Chal, zo granmoun pa pran non ! Fè atansyon !

Timoun yo kontan yo te vini kay madan Mari. Yo aprann anpil bagay sou istwa yon epòk ! Teyo vire gade madam Mari epi di li :

— Poukisa ou pa janm pale nou de frè w la ?

— E ben, se paske mwen pito koute nou. Jounen pa nou pi enteresan pase pa m yo. Epi, mwen pa wè Aje souvan, l ap viv Nouyòk depi lontan.

Pandan l ap di sa madan Mari pouse yon gwo soupi. Timoun yo konprann jan li regrèt frè li pa avèk li. Se siman poutèt sa li pa pale de li.

— Ajenò di : Ti sè, mwen te oblige pati.


— Ti Da di : Franns, tonton nou, te pati Nouyòk tou pou ale chèche travay.

— Ajenò di : Sou Duvalier (Divalye), moun te santi yo an danje.



- Teyo fè remake : Jodi a tou gen ensekirite .
- Madan Mari esplike : Wi, men se pa Leta k ap fè ensekirite a. Lè gen diktati, se gouvènman k ap pèsekite sitwayen yo. Lapolis, lame, lajistik, tout òganizasyon ki gen devwa pou yo pwoteje nou t ap sèvi diktatè a.
- Fransin ajoute : Timoun yo, se toupatou yo t ap fè pwopagann<sup>1</sup> pou gouvènman an, menm nan lekòl. Mwen sonje te gen yon priyè pou diktatè a, kòmsi li te Bondye ! Yon lè mwen t ap chante priyè pou prezidan an ak lajwa, mwen te menm ap danse. Sa te mete paran mwen an kòlè. « Disparèt ou devan nou ! Ale fè devwa ou ! » Yo pa t ka di m « nou pa vle wè diktatè a », oubyen « pawòl sa yo se manti ». Mwen te sèlman panse paran mwen pa renmen danse.
- Timoun yo mande : Chante priyè a pou nou !
- Non, non ! Kounye a mwen konnen sa ki te diktatè a, sonje priyè a sèlman mete mwen an kòlè. Menm jan ak paran mwen yo nan epòk la.

1. Pwopagann : Mwayen ki ka sèvi pou fè yon popilasyon aksepte de lide.



Ajenò repran lapawòl.

— Mwen pa janm blyie sa ki rive Janjan. Pandan m ap grandi, mwen vin enterese nan politik. Mwen dekourvri gen anpil moun ki te kont diktati a, ki te vle chajman. Menm jan ak paran Fransin, yo te blije pe oubyen kache lide yo.

Epi yon jou, manman m ak papa m vini chèche mwen lekòl ak yon malèt, epi yo mennen m tou dwat nan ayewopò. Yo fè m konnen y ap arete etidyan ak etidyant. Yo pè pou mwen. San konprann sa k ap rive m nan, mwen monte nan avyon pou Nouyòk. Se konsa, a laj 17 an, mwen retwouve mwen lakay yon matant mwen pa t menm abitye avèk li.

Mwen te oblige adapte mwen ak chanjman sa a nan lavi mwen. Pa t gen lòt jan. Mwen te chagren paske mwen kite Ayiti ak zanmi m yo. Pou mwen te sa santi m itil, mwen rantre nan ede de jèn ayisyen ki t ap rive Nouyòk. Se konsa mwen rankontre ak Betina, madanm mwen, epi mwen tou rete Nouyòk. Mwen retounen pou premye fwa ann Ayiti nan lane 1986.



– Madan Mari esplike : Epi reyalite yo vin chanje. Toupatou sou latè peyi yo ap kwape diktati. Yo pa t vle rejim kraze zo sa yo ankò. Gras ak mobilizasyon popilasyon an, diktatè a bije sove kite peyi a 7 fevriye 1986. Timoun, rejim diktati a dire 29 lane. Li te kòmanse an 1957 ak François (Franswa) Duvalier (Divalye), yo te rele « Papa Dòk », epi li kontinye ap ptit li, Jean-Claude (Janklod) Duvalier (Divalye). Toulède te « prezidan avi ». 29 lane se anpil tan ! Anpil timoun, anpil jèn te bije kite peyi a. Yo retounen lè yo fin gramoun tankou Aje. Oubyen yo pa janm retounen.

Fransin leve, li vanse sou timoun yo ak yon dwèt li anlè, epi li ajoute :

– Apre 29 lane san jistis, li difisil pou chanje move abitid yo, pou konstwi demokrasi. Apre tout tan sa a, eritaj diktati a lou sou zepòl peyi d Ayiti. Nou mèt mande nenpòt moun laj mwen, li genyen move souvni de epòk sa a.



— Teyo kouri di : Men lekòl pa aprann nou anyen sou sa ! Mwen panse mwen te pral yon moun save ak tout liv sa yo ki nan valiz mwen !


Teyo te pale san reflechi. Li kouri kouvri bouch li ak men li. L ap swete pou madan Mari ak lòt granmoun yo pa vekse, paske li te pwofesè lekòl lè li te jèn. Men pawòl Teyo yo fè mesyedam yo byen ri.

Ti Da grata gòj li epi li di :

— Sa Teyo te vle di, sa ra pou nou tandé istwa sou epòk sa a. Nou pa t konnen tout bagay sa yo.

— Ti Chal reponn : Se poutèt sa li enpòtan pou pawòl la pale, pou pèsonn pa bliye.

— Fransin ajoute : Wi, se sa menm. Gen sèten moun k ap eseye defòme listwa. Se pa tout moun ki kont diktati. Moun ki t ap jwi sou rejim sa a, ap toujou di « tout bagay te anfòm ». Men ou pa ka chanje listwa.



- Fransin kontinye pale : Listwa se tankou yon chèn. Chak may gen enpòtans li paske li mare ak yon lòt. Lè ou konnen istwa peyi ou, ou konprann li pi byen epi ou ka konbat sa k ap di ki pa sa. Nou ka jwenn bagay sa yo nan liv, men tou nan tande temwayaj moun.
- Temwa .. kisa ?
- Ti Chal esplike : Temwaye, se rakonte sa ou te wè, sa ou te viv. Anvan listwa rive ekri nan liv, se moun, fi kou gason, ki te viv evènman yo epi ki rakonte yo. Se temwen yo ye.
- Madam Mari ajoute : Tankou ou menm, Teyo. Ou te temwaye devan klas ou lè ou te rakonte kijan ou te fè vini Pòtoprens, lakay matant ou, pou te ka ale lekòl. Yon jou, istwa pa w la ka nan liv epi yon pakèt timoun ap konnen li. Se preske menm bagay la pou istwa yon peyi. Ou ka poze kesyon bay moun ki t ap viv nan yon epòk, pou konnen sa ki te pase.



- Teyo mande : E si mwen te bay manti ?
- Se sa ki fè moun k ap ekri listwa yo, istoryèn ak istoryen, gen anpil travay pou fè. Fòk yo poze moun kesyon, ranmase divès temwayaj, verifye enfòmasyon, fè rechèch nan liv pou sa rive rakonte evènman yo jan yo te pase a, san pati pri.
- Teyo mande : Eske se tankou moun k ap kòmante match foutbòl e ki dwe di jan match la ap dewoule tout bon, san li pa pran pou okenn ekip ?
- Ti Da fè remake : Sa pa toujou fèt konsa ! Pafwa ou byen wè ki ekip li fanatik.
- Pou moun k ap kòmante yon match, li difisil pou li pa montre kilès ki ekip li. Fransin di sa an riyan. Men pou diktati a, se yon lòt koze. Genyen prèv sou zak ki te komèt yo. Diktati a te vyolan. Li kraze fanmi, li touye moun. Li anpeche peyi a benefisyé de jenès la ki te ka itil peyi a. Lajenès, se avni yon peyi. Ayiti te bezwen ptit li yo pou li te sa devlope.



Sou wout pou retounen lakay yo, timoun yo pa pale. Jezila konprann y ap panse ak tout sa yo sot tande kay madan Mari a. Lè yo rive devan pòt kay la, Ti Da vire sou manman li.

- Manman, eske ou gen yon balenn ?
  - Yon balèn ? Pou fè kisa Ti Da ?
  - Mwen anvi limen yon balenn pou onore tout moun ki te viktim sou diktati Duvalier (Divalye) a. Mwen konnen sa pase lontan, men mwen pa vle blye yo. Mwen konsidere moun sa yo tankou ewo ak ewoyin ki te ba nou endepandans la. Yo te batay pou peyi a..
  - Wi matant Jezila, kite nou limen yon bouji an memwa Janjan, zanmi misye Ajenò a, ak tout lòt moun ki disparèt yo.
- Teyo kanpe sou sa li ta p di a. Li mete 2 men nan tèt.
- Nou pa menm konnen konbyen viktim ki te genyen !
- Jezila mete men li sou zepòl Teyo epi li rale Ti Da vin sou li.
- Sa ki enpòtan, timoun mwen yo, se konnen te gen anpil viktim epi sonje yo, se sa ki rele « kenbe rasin memwa nou ».



- Teyo sekwe tèt li epi li di : Se premye fwa mwen tandé koze memwa sa a.

Poutan, timoun mwen yo, se yon bagay ki fondamantal pou peyi nou an. Pa dòmi blyie diktati a, pa blyie jan lavi te ye nan epòk sa a. Nou dwe sonje viktim yo. Sa enpòtan pou sa pa janm rive ankò.

- Teyo souri, li di : Matant, nou pral pale de sa nan lekòl la!
- Ti Da ajoute : Teyo gen rezon»rezon, fòk lòt timoun yo konnen tout sa nou te aprann jodi a. Nou pral eseye mande pwofesè a pou l kite nou prezante yon sijè sou diktati nan klas la!

Jezila kontinye pale pou di :

- Ti Da, ou bay yon trè bél lide. Ou gen rezon. Viktim yo fè nou sonje gen moun ki te batay pou nou jwenn demokrasi, kote chak moun lib pou gen pwòp lide li, lib pou pale, lib pou sikile. Menmsi demokrasi nou an tankou yon bogota, vye machin k ap woule sou wout, l ap vanse e n ap rive mete demokrasi nou an kanpe.

Ann ale timoun mwen yo. Ann ale mete pi bél rad nou pou nou ka limen balenn nou an.

